

SEKIRITE TRAVAY NAN TRAVAY AGRIKÒL POU MIGRAN YO

Si ou se yon migran epi ou travay nan chan agrikòl nan Chili-tankou rekòlte, anbalaj, oswa pwodiksyon fwi-ou gen dwa travay, menm si ou nan yon sitiyasyon imigrasyon iregilye oswa ou pa gen yon pèmi travay sezonye.

Lwa 21,643 ak Kòd Travay la egzije pou anplwayè yo responsab sekirite travay ou. Sa gen ladan anpeche aksidan ak maladi epi bay bon kondisyon travay.

Dapre Lwa 21,690 ak Kòd Travay li a, atik 95 ak 97, ou gen dwa a:

1. Lojman ak manje

Si travay la lwen lakay ou, sa vle di ou pa ka vwayaje epi retounen nan yon sèl jou, anplwayè a dwe ba ou yon kote pwòp e an sekirite pou dòmi, ak yon twalèt, gratis. Yo dwe ba ou manje oswa yon espas pou kwit manje tou, nan menm kondisyon yo.

2. Transpò

Lè espas travay ou a plis pase 3 km lwen lakay ou epi ou pa gen okenn mwayen pou rive la, anplwayè ou a dwe ba ou transpò gratis (eksepte si ou mennen yon lòt moun kòm konpayon).

3. Sante ak Sekirite

Ou gen dwa jwenn swen medikal gratis si ou ta sibi yon aksidan oswa yon maladi pandan w ap travay. Anplis de sa, ou dwe resewa fòmasyon nan prevansyon risk epi yo dwe ba ou ekipman pwoteksyon pèsònèl, tankou gan, mask, krèm pwotèj kont solèy, ak rad travay, gratis.

4. Matènite ak konje matènite

Si ou ansent epi ou gen yon kontra, ou ka repoze pandan 12 semèn anvan ak apre akouchman avèk peman. Si ou te fè omwen 8 kontribisyon nan 2 dènye ane yo, ou kalifye pou konje matènite. Pandan gwochè la ak jiska yon ane apre akouchman, yo pa ka revoke ou san otorizasyon jidisyè (konje matènite).



5. Kondisyon debaz

Lojman an dwe gen dlo potab, twalèt pwòp, separe pa sèks (pa plis pase 75 mètr soti nan zòn travay la), lonbray, yon sal manje, ak espas pou estoke bagay pèsònèl ou yo.

6. Gadri

Si ou travay plis pase 30 èdtan pa semèn epi ou gen timoun ki poko gen 2 zan, ou ka gen yon gadri. Li obligatwa pou konpayi ki gen 20 anplwaye oswa plis.

7. Prevansyon Risk

Tout travay, menm sa ki tanporè yo, dwe gen yon Règleman Entèn sou Sante ak Sekirite ki eksplike risk yo ak dwa ou yo. Yo dwe ba ou yon kopi oswa kenbe l vizib.

Si ou itilize pestisid, pwodui chimik, zouti byen file, oswa ou travay nan kondisyon chalè oswa fredri ekstrèm, anplwayè ou a dwe ba ou fòmasyon espesifik, rad apwopriye, ak ekipman pwoteksyon.

Si yo itilize pestisid, douch cho dwe disponib, epi pèsonn pa dwe rete nan zòn nan pandan y ap flite san pwoteksyon adekwa.

8. Aksidan nan Travay

Nenpòt aksidan pandan oswa sou wout pou ale travay konsidere kòm aksidan ki gen rapò ak travay. Ou gen dwa pou jwenn swen medikal imedyà, menm si ou nan yon sitiyasyon iregilye. Anplwayè a dwe sispann travay la, fè aranjman pou swen ou, depoze yon rapò, epi asire sekirite ou ak sekirite rès ekip la.

Sonje byen ke imigre pa retire dwa travay ou yo.
Ou ka rapòte kondisyon danjere bay

Pou plis enfòmasyon oswa pou rapòte kondisyon danjere, ou ka vizite:
Direksyon Travay: www.dt.gob.cl
Enstiti Sekirite Travay (ISL): www.isl.gob.cl